CCPS Collier County Public Schools
Nutrition Services



# Plan pou Elèv Classroom Connect Vini Pran Manje Devan Lekòl yo

- Elèv, paran oubyen responsab yo ta dwe itilize SÈLMAN liy bò twotwa ki nan syèj distribisyon ke lekòl la rezève pou sa (ale gade Tablo Distribisyon pou Syèj Lekòl yo)
- Yo pral bay dejene ak manje midi nan menm syèj distribisyon an
- Lè pou elèv vini pran manje chak jou se pral **7:30 am** pou rive **8:30 am**
- Elèv k ap vin chèche manje pral genyen pou montre ID yo epi bay non ak siyati yo
- Paran/responsab kapab pran manje san pitit yo pa bezwen la depi yo genyen yon fòm ID pitit yo avèk yo. Men egzanp fòm ID valid yo kapab prezante: badj ID elèv la, batistè li, paspò li, kat idantite ke gouvènman bay, kat sekirite sosyal, oswa nenpòt dokiman ki pwouve idantite paran an ak relasyon li avèk timoun nan
- Elèv yo pa pral peye pou dejene
- Yo pral chaje elèv la manje midi selon estati kalifikasyon li (Gratis, Pri Redui oswa Peye)
  - Elèv ki kalifye pou manje gratis e manje a pri redui PA genyen pou peye
  - Elèv lekòl elemantè yo fè peye anplen ap peye $2.00
  - Elèv lekòl segondè yo fè peye anplen ap peye $2.25
- Yo dwe pre preye pou manje an liy nan www.myschoolbucks.com oswa nan syèj kote yo te anwole elèv la (kach oswa chèk). Yo pa pral aksepte moun vin peye an pèsòn nan liy kote yo ap vin chèche manje a pou rezon sekirite. Tanpri bay tan pou yo trete peman yo
- Elèv ki anwole nan eCollier Academy oswa Lekòl Vityèl Florid pa kalifye pou vini Pran Manje devan lekòl la, paske yo pa enskri pou vini chita nan klas pou pran enstriksyon, e se sa règleman Federal egzije pou yon elèv patisipe nan Pwogram Lunch Nasyonal ak Pwogram Dejene nan Lekòl yo

**Nou mete lokal pou elèv ki nan Classroom Connect vini pran nouriti yo pi ba a:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| **LELY HIGH**<br>Manatee Middle<br>Avalon Elementary<br>Lely Elementary<br>Manatee Elementary<br>Parkside Elementary<br>Tommy Barfield Elementary | **GULF COAST HIGH**<br>North Naples Middle<br>Oakridge Middle<br>Laurel Oak Elementary<br>Naples Park Elementary<br>Veterans Memorial Elementary<br>Vineyards Elementary | **BARRON COLLIER HIGH**<br>Lorenzo Walker Technical High<br>Pine Ridge Middle<br>Osceola Elementary<br>Pelican Marsh | **IMMOKALEE HIGH**<br>Immokalee Middle<br>Eden Park Elementary<br>Highlands Elementary<br>Lake Trafford Elementary<br>Pinecrest Elementary<br>Village Oaks Elementary<br>Phoenix Immokalee<br>New Beginnings Immokalee<br>Beacon Immoklaee<br>TAPP Immokalee |
| **GOLDEN GATE HIGH**<br>Golden Gate Middle<br>Big Cypress Elementary<br>Calusa Park Elementary<br>Golden Gate Elementary<br>Golden Terrace Elementary<br>Herbert Cambridge Elementary<br>Lavern Gaynor Elementary<br>Mike Davis Elementary<br>TAPP Naples | **PALMETTO RIDGE HIGH**<br>Corkscrew Middle<br>Cypress Palm Middle<br>Corkscrew Elementary<br>Estates Elementary<br>Palmetto Elementary<br>Sabal Palm Elementary | **NAPLES HIGH**<br>East Naples Middle<br>Gulfview Middle<br>Lake Park Elementary<br>Poinciana Elementary<br>Seagate Elementary<br>Shadowlawn Elementary<br>Phoenix Naples<br>New Beginnings Naples<br>Beacon Naples | **EVERGLADES CITY**<br>Everglades City School |

*Selon dwa sivil Federal ak règleman e regilasyon dwa sivil Depatman Agrikòl Dèzetazini (USDA), yo entèdi USDA a, Ajan li yo, biwo li, e anplwaye li, e enstitisyon ki patisipe oswa administre pwogram pou diskrimine kont ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil ki te egziste oparavan nan nenpòt pwogram ki administre oswa fonde pa USDA. Moun ki genyen andikap ki egzije mwayen kominikasyon altènatif pou enfòmasyon pwogram nan (pa egzanp: (Bray, gwo lèt, odyo tep, Langaj Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans (Eta e lokal) kote yo aplike pou benefis. Endividi ki soud, tande di oswa ki genyen andikap nan diskou kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal nan (800) 877-8339. Annadisyon, yo kapab rann enfòmasyon yo bay nan pwogram nan disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Pou pote yon plent kont diskriminasyon nan pwogram nan, konplete Fòm pou Pote Plent Kont Diskriminasyon nan Pwogram USDA a, (AD-3027) ke ou ap jwenn nan entènèt: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt bay USDA epi mete tout enfòmasyon ke yo mande nan fòm nan. Pou egzije yon kopi nan fòm pou pote plent lan, rele (866) 632-9992. Konplete fòm ou oswa lèt ou a epi soumèt li bay USDA pa lapòs nan: Depatman Agrikòl Dèzetazini. Biwo Asistan Secretè pou Dwa Sivil 1400 Independence Avenue, SW. Washington, D.C. 20250-9410; faks: (202) 690-7442; oswa pa adrès elektwonik: program.intake@usda.gov. Enstitisyon sa a se yon enstitisyon ki ofri opòtinite egal.*